

Peryòd aplikasyon pou lekòl segondè a kòmanse—Aplike pou lekòl segondè avan delè 1ye desanm lan!

Chè fanmi,

Peryòd aplikasyon lekòl segondè a kòmanse kounye a, epi delè pou aplike a se **1ye desanm 2022**. Tout elèv ki nan klas 8yèm ane kounye a (ak elèv ki nan klas 9yèm ane pou premye fwa ki enterese) nan Vil nouyòk lib pou aplike epi nou ankouraje yo fè sa. Men kijan:

1. **Konekte (Log in) nan kont [MySchools.nyc](https://www.myschools.nyc.gov) ou a.** Ou pral sèvi avèk MySchools pou eksplòre lekòl segondè, aplike, epi jwenn òf lekòl segondè ou. Ou bezwen èd pou kreye yon kont? Gade videyo [machasuiv](#) sa a.
2. **Jwenn enfòmasyon sou lekòl segondè ak pwogram**
 - Itilize [MySchools](#) pou chèche pwogram dapre sa w renmen, adrès ou, ak lòt bagay. Paj chak pwogram gen ladan kijan li fè òf ak si ou bezwen fè nenpòt etap anplis, tankou pa egzanp yon odisyon. Sou sitwèb nou an, [aprann kijan pou fè odisyon](#) ak [kijan elèv ap jwenn òf nan pwogram ki fè evalyasyon dosye](#).
 - Vizite lekòl ki enterese w. Nan yon ti tan ankò, yo pral mete kalandriye aktivite MySchools ajou pou mete enfòmasyon sou open house pou lekòl segondè yo.
 - Ajoute **12 pwogram** sou aplikasyon pitit ou a nan MySchools. Mete pwogram sa yo nan **vrè lòd preferans** ou, kòmanse avèk sa ou pi renmen an kòm #1.

**Tanpri sonje ke nèf lekòl segondè espesyalize yo itilize pwosesis admisyon separe; lekòl sa yo p ap parèt kòm opsyon sou aplikasyon lekòl segondè w la:

- **LaGuardia High School.** Voye yon aplikasyon separe ak odisyon pou LaGuardia avan delè **1ye desanm** lan pou aplike pou nenpòt nan sis pwogram art lekòl la—[aprann kijan pou fè odisyon](#).
- **Lekòl Segondè Espesyalize ki bay egzamen yo.** Enskri nan delè **4 novanm lan** ([online](#), atravè konseye lekòl ou a, oswa nan yon Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC) pou pran egzamen pou admisyon nan lekòl segondè espesyalize yo (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT), pou detèmine admisyon nan uit [lekòl segondè espesyalize](#) ki bay egzamen yo. Elèv ki anrejistre ap pran SHSAT a nan yon dat nan mwa novanm oswa desanm.

3. **Aplike 1ye desanm pou pi ta!** Ou ka voye yon aplikasyon lekòl segondè ak/oswa aplikasyon pou LaGuardia youn nan fason sa yo:

- Sou entènèt atravè [MySchools](#)
- Atravè konseye pedagogik lekòl ou a oswa yon [Sant byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC).

Ou bezwen èd avèk [MySchools](#) ou a, kòd inik pou kreye kont pitit ou a oswa avèk aplikasyon w lan? Ou gen lòt kesyon sou admisyon? Nou la pou nou ede w! Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#).

Bòn chans,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE)

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w vle retire non w sou lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).